



Fason nou deside si w toujou genyen yon andikap ki kalifye

Ki sa ki andedan

Nou pral rasanble enfòmasyon an	1
Nou pral egzamine enfòmasyon yo	1
Fason benefis ou yo afekte	1
Pou kontakte Sekirite Sosyal	2

Nan pifò ka, w ap li feyè sa a paske w fèk resevwa yon lèt ki fè w konnen nou pral revize kondisyon medikal ou a. Daprè lalwa nou oblije fè revizyon, detanzantan, sou kondisyon medikal aktyèl tout moun k ap resevwa benefis envalidite pou asire yo kontinye genyen yon andikap ki kalifye.

Jeneralman, si sante w pa t amelyore, oswa si andikap ou a kontinye anpeche w travay, ou pral kontinye resevwa benefis ou yo.

Nou pral rasanble enfòmasyon an

Pou ede nou pran desizyon nou, nou pral rasanble nouvo enfòmasyon konsènan kondisyon medikal ou a.

- Nou pral mande doktè w yo, lopital yo, ak lòt sous medikal pou dosye medikal ou yo. Nou pral mande yo ki jan pwoblèm medikal ou a limite aktivite w yo, ki sa tès medikal ou yo montre, epi ki tretman medikal ou te resevwa.
- Si nou bezwen plis enfòmasyon, nou pral mande w pou al fè yon egzamen espesyal oswa tès epi se nou k ap peye pou sa.

Nou pral egzamine enfòmasyon yo

Ansuit, nou pral gade kote kondisyon medikal ou te ye dènye fwa nou te egzamine ka w la. Nou pral gade tou tout nouvo pwoblèm medikal ou ka genyen.

Nou pral pran yon desizyon sou si wi ou non kondisyon medikal ou te amelyore. Si nou deside pwoblèm medikal ou a te amelyore, nou pral pran desizyon konsènan si wi ou non pwoblèm medikal ou a te amelyore ase pou pèmèt ou retounen travay.

Nou pral gade tou pou n wè si pwoblèm medikal jeneral ou afekte kalite travay ou ka fè. Ansuit, nou pral gade egzijans travay ou te fè nan lecase ak egzijans pou nenpòt lòt kalite travay ou ka fè kounye a.

Fason benefis ou yo afekte

Si pwoblèm medikal ou a te amelyore, epi nou deside ou ka travay, benefis ou yo pral sispann.

Benefis envalidite w yo pral sispann si:

- Ou ka travay paske w te jwenn fòmasyon pwofesyonèl, oswa avansman nan tretman medikal oswa teknoloji pwofesyonèl;

- Nou te fè yon erè nan yon desizyon nou te pran oparavan pou ba w oswa pou kontinye benefis envalidite w yo.
- Ou pap suiv tretman doktè w te preskri w la (san yon rezon valab), epi ou pwobableman ta ka travay si w te suiv tretman an;
- Ou te ban nou enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki gen manti lè nou te pran yon desizyon oparavan.
- Ou pa koopere avèk nou, epi ou pa gen yon rezon valab pou pa koopere; epi
- W ap travay epi salè masyèl an mwayèn ou montre w ap touche bon jan kòb. Montan salè w nou konsidere kòm salè ki pèmèt ou touche bon jan kòb chanje chak ane. Pou chif aktyèl la, gade *Mizajou* anyèl la (Publication No. 05-10003). Sepandan, sitiyasyon sa a pap afekte pèman Revni Sekirite Siplèmantè yo.
- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifeye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Si nou deside benefis envalidite w yo pral sispann, epi ou pa dakò ak sa, ou ka fè apèl a desizyon nou an. Sa vle di ou ka mande nou pou nou gade ka w la ankò. Lè ou resevwa yon lèt ki fè w konnen desizyon nou pran an, lèt la pral fè w konnen tou fason ou ka fè apèl a desizyon an.

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10053-HC | July 2017

Fason nou deside si w toujou genyen yon andikap ki kalifye
How We Decide if You Still Have a Qualifying Disability (Haitian-Creole)
Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a